

WUNUNG GUYUB RUKUN

"Guyub rukun golong gilig manunggal tekad mbangun
Desa"

(Ki Warso Mursalim)

Desa Wunung mapan wonten ing tlatah Kecamatan Wonosari sisih kidul piyambak. Dipun kupengi dening kekayon, pategalan, pasabinan, pareden saha lepen ingkang ndadosaken kawontenan Wunung katingal asri lan ngangeni. Sumiliring samirana kang anempuh roning kekayon, ilining toya lepen ingkang mili ing tepis wiringing karang pradesan, kapireng swantening iwen, sato wana ingkang mawarni-warni ndadosaken swasana asri lan tentreming kawontenan. Gegujenganipun para kenya ingkang nembe hangayahi karya ing kisiking lepen saya adamel sengseming manah, mila mboten mokal kathah para warga sanes desa ingkang sami kepranan kepengin mapan lan bebrayan ing bumi Wunung. Sadaya punika ngegetaken dhumateng gambaran leluhur jawi, desa ingkang gemah ripah loh jinawi lan warganipun ingkang ayem tata titi tentrem kartaraha.

Bumi Wunung utawi Geografi lan Lingkungan




Photo 1

Peta Desa

Desa Wunung dipunapit padesan ingkang sadaya gesangipun rukun sarta nengenaken bebrayan ingkang tansah ngajeni satunggal lan satunggalipun. Sisih wetan tapelwates kaliyan Desa Mulo, sisih kilen Desa Pampang, sisih ler Desa Wareng, sisih kidul Desa Sodo, Desa Giring lan Desa Kemiri. Kawontenan bumi Wunung mapan ing padesan, tebih saking kitha nanging katingal lenah, sumilak lan gumelar. Winastan Wunung saking tembung Wuh ingkang dipunundhug-undhug kados dene gunung. Sanadyan wiwitanipun panggenan kang kebak wuh, awit saking kaprigelanipun warga, mliginipun kang among kisma kang tinuntun dening para punggawaning Desa miyah Punggawaning Praja satemah dados Desa ingkang Asri lan Tumata.

Desa Wunung sapunika dipunsuhi dening tetuangganing desa ingkang asma Sugiman, punika Lurah Desa ingkang kaping pitu. Bapak Sugiman salah satunggaling priyagung kang hambeg budi utama nengenaken dhateng kautaman tebih saking tumindak nalisir punapa malih mbenten-mbentenaken, nyata priyagung pinilih ing Wunung ingkang tumata nyepeng

lampahing paprintahan kanthi murakabi mring samubarang lir. Bab ingkang pinunjul ing jamanipun Lurah Desa Bapak Sugiman saged mbangun margi aspal, margi dhateng pasabinan, pategalan, margi lingkungan lan kalen.



Photo 2

Kantor Desa

Demografi lan Kependhudhukan

Wiyaring Desa Wunung 10.040 ha. Gunggungipun pendhudhuk Desa Wunung wonten 3.665 jiwa. Ingkang kakung wonten 1.819 jiwa saha wanita wonten 1.846 jiwa.

Gunggung pendhudhuk punika kedadosan saking gangsal padhukuhan. Mengkah jlentrehipun Padhukuhan Kamal wonten 516 kepala somah, gunggung jiwanipun wonten 1.567 jiwa, ingkang kakung 774 jiwa saha wanita 793 jiwa. Padhukuhan Kamal menika wilayahipun paling wiyar. Malah wiyaripun meh sepalihipun Desa Wunung, mila warganipun ugi ingkang paling kathah. Padhukuhan Wunung wonten 97 kepala somah, gunggungipun 286 jiwa, ingkang kakung 128 jiwa saha wanita 158 jiwa. Padhukuhan Wunung menika wiwit jaman rumiyin pendhudhukipun namung ajeg, kepala somahipun mboten nate punjul saking 100 kepala somah, mbokbilih meniko sampun dados ujaring para winasis. Padhukuhan Teguhan wonten 275 kepala somah, gunggungipun wonten 959 jiwa, ingkang kakung 477 jiwa saha wanita 482 jiwa. Padhukuhan Soka I wonten 133 kepala somah, gunggungipun wonten 420 jiwa, ingkang kakung 214 jiwa saha wanita 206 jiwa. Padhukuhan Soka II

wonten 146 kepala somah, gunggungipun wonten 433 jiwa, ingkang kakung 226 jiwa wanita 207 jiwa.

Warga Desa Wunung gesangipun sami guyub rukun sinaosa benten kapitadosan, pakaryan lan pawiyatan.



Photo 3

Gotong royong




Photo 4

Gugur gunung

Ngudi Ilmu

Pepeling leluhur jawi, bilih ilmu iku ketemune kanthi laku. Tegesipun, bilih ilmu punika kedah sesarengan kalih dipun lampahi. Boten saged ilmu namung dipun sinau, nanging mboten dipun tindakaken. Magepokan kalian bab ilmu lan pawiyatan menika para punggawa ing Desa Wunung wiwit jamanipun Lurah Bapak Darso Suwarno Lurah kaping sekawan ngantos Kepala Desa Sugiman saged damel gedung pawiyatan ingkang gunggungipun wonten 9, menggah papanipun ing Padhukuhan Kamal wonten 1

gedhung pawiyatan SD, 1 gedhung pawiyatan TK lan 1 gedhung pawiyatan PAUD. Ing Padhukuhan Teguhan wonten 1 gedhung pawiyatan SD, 1 gedhung pawiyatan TK lan 1 gedhung pawiyatan PAUD. Ing Padhukuhan Soka I wonten gedhung pawiyatan SD lan gedhung pawiyatan TK. Ing Padhukuhan Soka II wonten 1 gedhung pawiyatan PAUD.



Photo 5

Putra putri ing pawiyatan




Photo 6

Putra Putri ing pawiyatan PAUD

Miturut seratan ing desa, gunggungipun siswa SD 248 siswa, SMP 256 siswa, SMA 110 siswa, pawiyatan inggil 41 siswa, satemah program pamarentah wajib belajar ing wewengkon Wunung saged lumampah kanthi sae.

Dene para wiranem ing Desa Wunung sasampunipun rampung anggenipun sinau wonten ing SD, SMP, SMA,

kathah ingkang nglajengaken ngudi pawiyatan wonten ing wewengkon Ngayogyakarta, Surabaya, Semarang lan sanesipun.

Kapitadosan

Warga Desa Wunung ngantos sapunika gesang kanthi landhesan kerukunan lan guyub rukun sanadyan benten kapitadosan. Warga Wunung ingkang ngrasuk agami Islam langkung kathah tinimbang kapitadosan sanesipun ugi penghayat. Ngantos dumugi sapunika papan pangibadahan ing Desa Wunung masjid wonten 8 lan mushola 2, papanipun ing antawisipun: Padhukuhan Kamal 3 mesjid inggih punika Mesjid Nurul Iman, Al Hidayah lan An Nur, 1 mushola inggih punika Mushola Miftahul Jannah. Padhukuhan Wunung 1 masjid inggih punika Masjid Ar Ridho. Padhukuhan Teguhan wonten 2 masjid inggih punika Masjid Al Huda lan Al Ikhlas, 1 mushola inggih punika Mushola Al Rozaan. Soka I 1 mushola inggih punika Mushola Al Hidayah lan Soka II 1 masjid inggih punika Masjid Nurul Huda. Data kalurahan nyebataken, ingkang ngrasuk agami Islam gunggungipun 3660 jiwa, Kristen 4 jiwa, penghayat 1 jiwa.




Photo 7

Masjid Nurul Iman Padhukuhan Kamal Pangupajiwa

Pasabinan lan pategalan ingkang wiyar Desa Wunung dados bukti menawi warganipun kathah ingkang sami among kisma. Para among kisma ing Desa Wunung tansah mbudidaya murih pakaryan lan hasilipun saged mundak, mila dipun damel wadhah ingkang kasebat GAPOKTAN

utawi Gabungan Kelompok Tani ingkang dipun sesepuhie Bapak Samidi ingkang mapan ing Padhukuhan Teguhan. GAPOKTAN menika kedadosan saking 7 kelompok tani ingkang sumebar ing Desa Wunung, jlentrehipun Padhukuhan Kamal wonten 2 kelompok inggih punika Kelompok Tani Mekar Sari I ingkang dipun pandhegani Bapak Jiman, Kelompok Tani Mekar Sari II dipun pandhegani Bapak Wargo. Ing Padhukuhan Wunung Kelompok Tani Ngudi Rejeki ingkang dipun pandhegani Bapak Sumiran. Padhukuhan Teguhan Kelompok Tani Usaha Makmur ingkang dipun pandhegani Bapak Gito Sumarno. Padhukuhan Soka I wonten 2 kelompok tani, inggih punika Kelompok Tani UsahaTani 1 ingkang dipun pandhegani Bapak Satimin, Kelompok Tani Usaha Tani II ingkang dipun pandhegani Bapak Karyadi. Padhukuhan Soka II Kelompok Tani Usaha Karya ingkang dipun pandhegani Bapak Purwanto. Sanesipun among kisma wonten ugi ingkang anggadhahi pakaryan lan pedamelan buruh tani, ngingah lan miara ayam, lembu, mendha, peksi, mina lan sapanunggalanipun. Ugi wonten ingkang makarya dados tukang kayu, gipsum lan plafon, bangunan, kerajinan

krupuk, kerajinan imitasi, bakul, pegawe negri, TNI, lan sanes-sanesipun.

Miturut data ingkang wonten sapunika ingkang nglampahi pakaryan tani 2.200 jiwa, buruh tani 65 jiwa, PNS 55 jiwa, pengrajin industri rumah tangga 63 jiwa, peternak 21 jiwa, bakul 47 jiwa, pembantu rumah tangga 21 jiwa, TNI 2, karyawan perusahaan swasta 45, bengkel 7 jiwa.

Kabudayan

Desa Wunung ugi kathah budaya ingkang lumampah. Para warga tasih remen nguri-nguri kabudayan leluhur, kados dene adat lan tradhisi, seni, dolanan tradhisional, basa lan sastra saha warisan leluhur. Sedaya punika ndadosaken raketing bebrayan ing bumi Wunung.

Adat lan Tradhisi

Adat ingkang wonten ing Desa Wunung ing antawisipun; Rasulan, Kirim Dowa, Majemukan, Sedhekah Kocor, Gumbregan, Methik Pantun, Sedhekah Selikuran, Sedhekah Riyaya, Sedhekah Ruwahan.

Ingkang tradisi inggih punika wilujengan kagem tiyang ingkang nggarbini ing antawisipun; Nglimani, Mitoni, Mbrokohi, Selapanan. Ugi wilujengan kagem tiyang ingkang seda antawisipun; Nelung dina, Mitung dina, Matangpuluh, Nyatus, Mendhak pisan, Mendhak pindho, Nyewu.



Photo 8

Upacara Adat Rasul



Photo 9

Kirab Budaya



Photo 10

Ngarak Gunungan

Rasulan pinangka wujud syukur ing Ngarsa Dalem Gusti Ingkang Murbeng Dumadi awit anggenipun sami among kisma lan sadhengah pedamelan salebetipun setunggal warta dipun kabulaken kanthi hasil panen ingkang ngremenaken, mila kadang warga kanthi sareng-sareng ngawontenaken suka wilujengan. Pinangka kangge ngregengaken Upacara Rasulan, warga Desa Wunung ngawontenaken kirab budaya kanthi arak-arakan mbeta hasil bumi, kesenian lan gunungan. Rasulan ing Desa Wunung kalaksanan wonten ing Padhukuhan-padhukuhan dinten Senen Pon ing Padhukuhan Kamal, Wunung, lan Teguhan, saha dinten Selasa Kliwon ing Padhukuhan Soka I lan Soka II. Punjering Rasulan, warga Desa Wunung ngawontenaken pagelaran ringgit purwa sedalu natas. Ing pangajab pinangka kagem tuntunan lan tontonan sedaya warga.

Majemukan inggih punika satunggaling upacara adat sasampunipun ijab qobul dipun wonteni adat kendhuri utawi uba rampe arupi sekul liwet sambel gepeng, jenang baro-baro, jenang abang putih, jenang kuning ireng, jenang biru, jenang pliringan, sekul golong pitung jodho, lan sekul

punar. Sasampunipun hanggarbini jangkep yuswa pitung wulan dipun adani upacara mitoni utawi tingkeban arupi kendhuri wujud uba rampe ing antawisipun jenang ebor-ebor, kapuronto, jadah rusuh, rakrakan kopat, takir ponthang, jadah tuwa, tumpeng pitu pisang raja, jenang procot ingkang dipun wastani tingkeban. Sasampunipun dumugi wancinipun babaran ugi dipun wonteni sesaji utawi ubarampe arupi tumpeng mong ingkang dipun wastani brokohan. Salajengipun wanci jabang bayi dumugi yuswa gangsal dinten ugi dipun wonteni wilujengan kanthi tumpeng mong, dipun wastani sepasaran. Salajengipun jabang bayi dumugi yuswa tigangdasa gangsal dinten dipun wonteni sesaji ingkang arupi tumpeng mong, dipun wastani selapanan.

Serabi kocor punika dipun tindakaken warga masyarakat Desa Wunung ing wanci ketiga ngerak utawi dangu mboten wonten jawah kanthi wilujengan. Mligi serabi kocor kadamel saking glepung beras, kelapa lan gula jawa.

Gumbregan mujudaken adat minangka kagem mengeti rajakaya ingkang awujud lembu maesa, mendha iwen lan sapanunggalanipun. Menggah ubarampe

gumbregan ing antawisipun kopat, jadah woran, pala kependem lan pala gumandhul.

Kirim ndowo mujudaken raos syukur warga Desa Wunung ing wanci ndungkap mangsa rendheng dumugi, kanthi ngederalken sekul emong saha sesaji bumi ingkang maksud saha tujuanipun supados Gusti ingkang maha kuaos ngabulaken donganipun warga Desa Wunung ing saktemah menapa ingkang tinandur dados subur ijo royo-royo kanthi hasil panen ingkang ngremenaken.

Seni budaya ing Desa Wunung ingkang wonten samanika antawisipun; kesenian jathil, kesenian doger, kesenian reog, kesenian karawitan, kesenian kethoprak, kesenian gejog lesung, kesenian thek-thek, hadroh, samroh, strandul, lan trebang. Kesenian ing Desa Wunung sumebar ing Padhukuhan - padhukuhan antawisipun : Reog Suko Budoyo mapan wonten ing Padhukuhan Soka I, II. Seni Karawitan mapan ing Padhukuhan Kamal, Teguhan lan Soka II. Hadroh Ing Padhukuhan Kamal lan Teguhan. Gejog Lesung lan Thek-thek ing Padhukuhan Kamal. Reog Jathilan lan Kethoprak ing Padhukuhan Kamal.




Photo 11

Kesenian Reog



Photo 12

Kesenian Jathilan

Permainan Tradisional ingkang wonten antawisipun ganepo, gobak sodor, jethungan, gojleng, bekelan, nekeran, dakon, cublak suweng, sundhamandha, benthik, egrang, jamuran, gangsingan, yeye, adu gambar lan sapanunggalinipun. Wekdalipun lare-lare Desa Wunung sami dolanan njih punika ing wanci dalu pas rembulan ndadari, wonten ugi ingkang wanci siang pas srengenge lengser mangilen watawis tabuh 2 dumugi 4 sonten. Sedaya punika mujudaken sarana kangge nglipur para putra wayah ing Desa Wunung.



Photo 13

Permainan Tradisional Dakon



Photo 14

Permainan Tradisional Sundha Mandha

RADEN NGABEI MANGUN GENENG DEMANG MULO

"Sura dira jayaningrat, lebur dening pangastuti"

(Ronggowsito, 1802-1873).

Para pinisepuh pitados bilih Desa Wunung sampun wonten wiwit jaman Mataram.

"Nalika Ingkang Sinuwun Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengkubuwana Kaping V nyengaaken ing ngaluhur Raden Tumenggung Prawiro Sentiko dados Adipati Gunungkidul nggantos Mas Tumenggung Poncodirjo, Sultan paring dhawuh dhumateng Tumenggung Prawiro Sentiko supados tindak dhateng tlatah Gunungkidul ing Kadipaten Semingkar, ingkang dipun sepudi Adipati Wira Negara II. Sasampunipun Adipati Wira Negara II pikantuk dhawuh, dipun wonteni sayembara Babat Alas Nangka Doyong. Kathah panji, rangga lan para demang ingkang nyobi babat alas Nangka Doyong nanging mboten kasil. Salajengipun Demang Wono Pawiro wonten ing pisowanán ing Kadipaten Semingkar mupu sayembara kala wau.

Demang Wonopawiro kabyantu Nyi Nitisari, Demang Mangun Geneng kaleres moro sepuhipun Demang Wono Pawiro, Ki Purbo, Ki Bedhol Kayu, Ki Irandaka, Nyai Kuning, Ki Hadud, Ki Kusuma, babat Alas Nangka Doyong.

Demang Raden Ngabehi Mangun Geneng punika Demang ing Mulo ingkang lenggahipun wonten ing Desa Karangrejek". Wilayah kukubanipun Kademangan Mulo salah satunggale kalebet Desa Wunung. Para pendherekipun Ki Demang Mangun Geneng ing antawisipun Ki Jati Kusuma, Eyang Ayu, Ki Gedaren, Ki Tunggal Wulung, Ki Sokadana.

Miturut cariyos sasampunipun Ki Gedaren ngrampitaken anggenipun babat alas, papan wau katelah "Wunung" awit kedadosan wontenipun kayu kayon utawi wit-witan ingkang dipun babat tumunten kabesem. Beseman kala wau areng lan awunipun numpuk kados dene gunung. Pramila ngantos dumugi titi wanci punika katelah Desa Wunung. Saking tembung Awu kang munthuk kados dene Gunung.

Wonten papan sanesipun, Ki Jati Kusuma dipun pitados dening Ki Mangun Geneng supados mandhegani

babat alas ing tlatah Kamal. Sasampunipun Ki Jati Kusuma kasil babat alas, didhawuhu nglajengaken jejibahan sanesipun kaliyan Ki Mangun Geneng.

Ing Padhukuhan Kamal wonten tilaranipun Ki Jati Kusuma awujud patilasan ingkang tasih dipun lestantunaken. Wujud nglestantunaken petilasan kasebat menawi Rasulan taksih kakintun Panjang Ilang.

Kangge pengeling-eling dumadosipun Padhukuhan Kamal lan labuh labetipun Ki Jati Kusuma, para leluhur ngripta seratan kados ing ngandhap punika :

Sekar Kamal

*Sekar kamal kepanggang kapulebener
Wis giringen bocahie soka keladuk wisodo lere
Donggubah jo adol umuk
Rejekana ben disenengi
Cunduka kembang gelagah
Mingkar-mingkar lakonipun
Kebo gupak karang kuwang
Ngglodogan wolak walik
Wus mbutuhna cah bogor kulon siyono.*

Ki Gedaren ingkang mandhegani babat alas ing Wunung. Mila warga saged mastani bilih Ki Gedaren ingkang babat alas ing Wunung, pinangka pratandha wonten papan wau dumugi samenika sinebat "Alas Gedaren". Miturut pangandikanipun warga bilih sasampunipun rampung anggenipun babat alas Ki Gedaren lajeng kesah tanpa taliwara.

Ing papan sanesipun, ingkang dipun pitados Demang Mangun Geneng babat alas ing Teguhan kasebat Eyang Ayu kaleres salah satunggaling pendherekipun. Eyang Ayu ingkang mandhegani babat alas ing wilayah Teguhan dipun sengkuyung kaliyan masyarakat. Sasampunipun babat alas, Eyang Ayu ngantos sedanipun cumondhok wonten ing Teguhan. Menika saget dipun tingali makamipun Eyang Ayu wonten ing Kuburan Teguhan. Nalika babat alas dipun landhesi kanthi greget ingkang kuat, kukuh lan teguh kanthi mboten miyar-miyur dadosaken babat alas rampung, pramila papan dipun sebat Teguhan.



Photo 15

Makam Eyang Ayu

Ugi wonten papan sanes, Ki Tunggul Wulung lan Ki Sokadana dipun pasrahi mandhegani babat alas ing tlatah Soka. Sasampunipun kasil babat alas, Ki Tunggul Wulung lan Ki Sokadana ngajengaken nglembara mboten mapan wonten mriku. Tilaranipun Ki Tunggul Wulung awujud Petilasan mapan wonten ing Soka. Mila dipun paringi tetenger Padhukuhan Soka awit ingkang babat alas salah satunggaling Ki Sokadana.

Riwayat Pangarsaning Paprentahan Desa Wunung

1. Bekel Ki Wongso Setiko (1921-1936)

Bekel sepisanan ingkang nyepeng paprentahan wonten Desa Wunung panjenenganipun Ki Wongso Setiko, dipun wisuda rikala Dinten Minggu Legi Surya 10 April 1921 Masehi utawi tanggal 1 Ruwah 1851 Alif mangsa Kasadasa pawukon Langkir saking Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Awit Ki Wongso Setiko anggadahi ngilmu ingkang linangkung.

Ki Wongso Setiko dados bekel wiwit warsa 1921 ngantos dumugi 1936 Masehi. Awit bekel Ki Wongso Setiko anggenipun nyepeng paprentahan nalika Dinten Minggu Legi Surya 10 April 1921 utawi tanggal 1 Ruwah 1851 Alif mangsa Kasadasa pawukon Langkir, dinten punika dipun tetepaken dados dumadining Desa Wunung.

Warsa 1928 wonten ewah-ewahan pranatan saking pamarintah. Sebatan bekel dipun gantos dados lurah, lan ewah-ewahan prabot desa dipun gantos dados perangkat desa.

2. Wongso Sumarto (1936-1948)

Wondene ingkang ngasta Lurah Wunung ingkang kaping kalih wiwit warsa 1936 dumugi 1948 panjenenganipun Bapak Wongso Sumarto, punika kaleres putranipun Bapak Wongso Setiko.

3. Slamet (1948-1954)

Salajengipun warsa 1948 dumugi 1954 Lurah Wunung ingkang kaping tiga panjenenganipun Bapak Slamet. Wondene para perangkat desa nalika panjenenganipun Lurah Bapak Slamet ingkang ngasta paprentahan inggih punika :

- Carik : Parto Disastro
- Kamituwa : Hiro Rejo
- Jagamiruda : Wongso Wiryo
- Kabayan : Wongso Kromo

4. Parto Disastro (1954-1964)

Lurah ingkang kaping sekawan inggih punika Bapak Parto Disastro ingkang dipun tetepaken rikala surya 22 Juli 1954 dumugi 22 Juli 1964. Saderengipun, Bapak Parto

Disastro minangka Carik wiwit warta 1946 dumugi 1954 lan dados Kebayan warta 1943 dumugi warta 1946.



Photo 16

Lurah Desa Wunung Bapak Partodisastro Ibu Kartinem




Photo 17

Surat Keputusan Pengangkatan Lurah Parto Disastro

Bab ingkang pinunjul nalika jamanipun Lurah Bapak Parto Disastro antawisipun saged mbangun sendhang ingkang mapan wonten ing tlatah Soka I, nalika semanten

dipun kepyakaken Ngarsa Dalem Ingkang Sinuwun Sri Sultan Hamengku Buwono ingkang jumeneng kaping IX, lan kaparingan tetenger Sendhang Kumuning.




Photo 18

Sendhang Kumuning

Nalika semanten sendhang punika dipun ginakaken kangge kabetahan warga saben dintenipun. Rikala jaman Lurah Parto Disastro sampun paripurna anggenipun ngasta

Lurah, warsa 1964 dipun wonten pemilihan Lurah Desa kangge nggantos Bapak Parto Disastro. Sawungipun wonten tiga inggih punika Pawiro Sukaryo, Darso Suwarno, Suratman. Salajengipun ingkang dipun pitados dening warga Wunung inggih punika Bapak Darso Suwarno. Ing wedal punika ugi kalajengaken pengisian carik ingkang nggantos Bapak Darso Suwarno. Sawungipun namung setunggal panjenenganipun Bapak Ngatmin Adi Suwarno saking Teguhan, nggeh Bapak Ngatmin Adi Suwarno punika ingkang ngemban carik ing jamanipun Lurah Bapak Parto Disastro. Perangkat Desa nalika Lurah Bapak Parto Disastro ing antawisipun:

- Carik : Pawiro sukaryo
- Sosial : Darso suwarno
- Keamanan : Harjo suyoto
- Kemakmuran : Atmo pawiro
- Kaum : Harjo suwito

5. Darso Suwarno (1964-1994)

Salajengipun lurah ingkang kaping gangsal wiwit warsa 1964 dumugi warsa 1994 dipun emban

panjeneganipun Bapak Darso Suwarno. Ing wedal Lurah Darso Suwarno wonten pilihan Sosial utawi Kepala Urusan Keuangan warsa 1984, pilihan punika kanthi cara pilihan langsung warga masarakat, wondene sawungipun wonten gangsal inggih punika : Bapak Paryono Saking Padhukuhan Teguhan, Sugiman saking Padhukuhan Kamal, Bapak Suroso saking Padhukuhan Wunung, Ranu saking Padhukuhan Kamal, Bapak Panggung saking Padhukuhan Kamal, wondene ingkang sasap ing pilihan inggih punika panjenenganipun Bapak Sugiman saking Padhukuhan Kamal. Salajengipun warsa 1987 pilihan Dhukuh Soka I, minangka nggantos Dhukuh Bapak Marto Sentono ingkang sampun purna. Wondene sawungipun wonten kalih inggih punika : Adi Suwito kaliyan Bapak Widi Utomo. Wondene ingkang kapilih dening warga Soka I panjenenganipun Bapak Widi Utomo. Salajengipun Bapak Adi Suwito dipun angkat minangka Staf Desa.

Warsa 1990 wonten pengisian perangkat desa ngagem tata cara ujian, antawisipun pengisian Dhukuh Kamal, Dhukuh Wunung, Dhukuh Teguhan, lan Dhukuh Soka II. Pengisian Dhukuh Kamal minangka nggantos Bapak Wiryo

Wijoyo ingkang sampun purna, wondene sawungipun wonten kalih inggih punika : Bapak Kardiman, Bapak Suratman lan ingkang lulus wonten ing pandadaran Dhukuh Kamal inggih punika panjenenganipun Bapak Suratman.

Pengisian Dhukuh Wunung minangka nggantos Bapak Harjo Suwito ingkang sampun purna. Sawungipun wonten kalih, inggih punika: Bapak Wiryo Sutarjo kaliyan Bapak Suparto Utomo. Wondene ingkang lulus inggih punika panjenenganipun Bapak Wiryo Sutarjo.

Pengisian Dhukuh ing Teguhan minangka nggantos Bapak Sastro Wijoyo. Sawungipun wonten kalih, inggih punika : Bapak Banggiyono kaliyan Bapak Sumardi. Wondene ingkang lulus inggih punika panjenenganipun Bapak Sumardi.

Pengisian Dhukuh Soka II minangka nggantos Bapak Kromo Drono ingkang sampun purna. Sawungipun wonten kalih, inggih punika Bapak Kardi kaliyan Bapak Suwandi. Wondene ingkang lulus ing pandadaran Dhukuh Soka II inggih punika panjenenganipun Bapak Suwandi.

Warsa 1990 wonten pengisian Kepala Bagian Ekonomi dan pembangunan, Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat, Kepala Bagian Pemerintahan lan Carik. Pengisian Kepala Bagian Ekonomi dan Pembangunan sawungipun wonten sekawan, inggih punika : Bapak Sutan Awaludin saking Padhukuhan Teguhan, Bapak Subagyo saking Padhukuhan Wunung, Bapak Mudimin saking Padhukuhan Kamal, Bapak Sumaryadi saking Padhukuhan Kamal. Ingkang lulus ing pandadaran Kepala Bagian Ekonomi dan Pembangunan inggih punika panjenenganipun Bapak Sumaryadi.

Pengisian Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat sawungipun wonten kalih, inggih punika : Sutardi kaliyan Marlan. Lan ingkang lulus inggih punika panjenenganipun Bapak Sutardi.

Pengisian Kepala Bagian Pemerintahan sawungipun wonten kalih, inggih punika Suratman saking Padhukuhan Kamal kaliyan Ranu saking Padhukuhan Kamal. Lan ingkang lulus ing pandadaran Kepala Bagian Pemerintahan inggih punika panjenenganipun Bapak Ranu.

Pengisian Carik utawi Sekretaris Desa kangge nggantos Bapak Adi Suwarno. Sawungipun wonten kalih,

inggih punika : Sugito saking Padhukuhan Teguhan kaliyan Kusnardiyyah saking Padhukuhan Teguhan. Lan ingkang lulus ing pandadaran Sekretaris Desa inggih punika panjenenganipun Ibu Kusnardiyyah.

Bab Ingkang pinujul ing jamanipun Bapak Darso Suwarno nalika dados Lurah Desa antawisipun saget mbangun Pawiyatan Dasar ingkang mapanipun wonten Padhukuhan Teguhan, damel Pendapa Balai Desa ingkang awujud Joglo, damel Pasar Desa ingkang mapanipun wonten ing Padhukuhan Kamal, damel Lapangan Bal-balang ingkang mapanipun wonten ing Padhukuhan Teguhan, pikantuk Juara I Arak-arakan Karnaval Pembangunan Tingkat Kabupaten, Juara I Lomba Gizi Balita Tingkat Propinsi DIY.

Perangkat Desa ing jamanipun Lurah Bapak Darso Suwarno inggih punika :

- Carik : Kusnardiyyah
- Kepala Urusan Keuangan : Sugiman
- Kepala Bagian Pemerintahan : Ranu
- Kepala Bagian Pembangunan : Sumaryadi

- Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat: Sutardi
- Kepala Urusan Umum : Sastro Sudarmo
- Dhukuh Kamal : Suratman
- Dhukuh Wunung : Wiryo Sutarjo
- Dhukuh Teguhan : Sumardi
- Dhukuh Soka I : Widi Utomo
- Dhukuh Soka II : Suwandi
- Staf Desa : 1. Adi Suwito
2. Salepan
3. Karso Wiryo

6. Sutardi (1995-2005)

Kepala Desa kaping enam ing warsa 1995 dumugi warsa 2005 dipun emban panjenenganipun Bapak Sutardi, ingkang saderengipun ngasta Kepala Bagian Kesejahteraan wiwit warsa 1991 dumugi warsa 1995. Nalika nyawung dados Kepala Desa, wonten kalih sawung, inggih punika Bapak Sutardi saking Padhukuhan Teguhan kaliyan Bapak Harda Wahyudi saking Padhukuhan Teguhan.

Wonten ing jamanipun Lurah Sutardi wonten pengisian Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat. Wondene sawungipun wonten kalih, inggih punika: Bapak Suwandi kaliyan Bapak Marlan. Ingkang lulus ing pandadaran Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat Bapak Suwandi.

Wonten ing warsa 2000 dipun adani pengisian Dhukuh Soka II. Sawungipun wonten kalih, inggih punika Bapak Wardiyo kaliyan Bapak Warso Mursalim, ingkang lulus Bapak Wardiyo. Lajeng pengisian Kepala Urusan Umum kagem nggantos Bapak Sastro Sudarmo ingkang sampun purna. Sawungipun wonten tiga, inggih punika : Bapak Sugito saking Padhukuhan Teguhan, Sutan Awaludin saking Padhukuhan Teguhan, Bapak Iswal Budi saking Padhukuhan Soka I. Ingkang lulus ing pandadaran Kepala Urusan Umum Bapak Iswal Budi.

Pengisian Staf Desa minangka kagem nggantos Bapak Adi Suwito lan Bapak Salepan ingkang sampun purna. Sawungipun wonten kalih, inggih punika Bapak Warso Mursalim saking Padhukuhan Soka II kaliyan Bapak Banggiyono saking Padhukuhan Teguhan. Pengisian Staf Desa punika kanthi cara pandadaran murni lan biji ingkang

paling inggil punika ingkang lulus. Nalika semanten ingkang lulus ing pandadaran pengisian Staf Desa Bapak Warso Mursalim saking Padhukuhan Soka II.

Perangkat Desa nalika Lurah Bapak Sutardi inggih punika :

- Sekdes : Kusnardiyyah
- Kepala Bagian Pemerintahan : Ranu
- Kepala Urusan Keuangan : Sugiman
- Kepala Bagian Ekonomi dan Pembangunan: Sumaryadi
- Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat : Suwandi
- Kepala Urusan Perencanaan : Purwanto
- Kepala Urusan Umum : Iswal Budi

Dhukuh Kamal : Suratman

Dhukuh Wunung : Wiryo Sutarjo

Dhukuh Teguhan : Sumardi

Dhukuh Soka I : Widi Utomo

Dhukuh Soka II : Wardiyo

Staf Desa

: 1. Warso mursalim

2. Karso Wiryo

7. Sutardi (2005-2013)

Nalika Bapak Sutardi sampun paripurna dados Kepala Desa ingkang kaping enem ing warsa 2005, dipun wonten pilihan Kepala Desa kanthi sawung 2, inggih punika Bapak Sutardi saking Padhukuhan Teguhan kaliyan Bapak Suyanto saking Padhukuhan Kamal. Ingkang sasap Bapak Sutardi.

Warsa 2006 dipun adani pilihan Dhukuh Soka I minangka nggantos Bapak Widi Utama ingkang sampun purna. Sawungipun namung setunggal nggih punika Bapak Yatimin. Nalika semanten Bapak Yatimin mengsaah kotak kosong lan saget sasap.

Pengisian Staf Desa minangka nggantos Bapak Karso Wiryo nalika semanten sawungipun namung setunggal saktemah panjenengane Bapak Sumardi sagead lulus.

Warsa 2006 dipun adani pengisian Kepala Urusan Perencanaan, minangka kagem nggantos Bapak Purwanto ingkang nalika semanten dipun angkat PNS dening

pamarintah. Sawungipun wonten kalih, inggih punika Bapak Tri Wurianto saking Padhukuhan Teguhan kaliyan Bapak Sudarto saking Padhukuhan Teguhan. Wondene ingkang lulus ing pandadaran Kepala Urusan Perencanaan Bapak Tri Wurianto.

Warsa 2008 dipun adani pilihan Dhukuh Wunung, sawungipun wonten kalih, inggih punika Bapak Subagi lan Ibu Sutirah. Wondene ingkang dipun pilih dening warga Padhukuhan Wunung Ibu Sutirah.

Perangkat Desa nalika Lurah Bapak Sutardi inggih punika :

- Sekdes : Kusnardiyyah
- Kepala Bagian Pemerintahan : Ranu
- Kepala Urusan Keuangan : Sugiman
- Kepala Bagian Ekonomi dan Pembangunan: Sumaryadi
- Kepala Bagian Kesejahteraan Rakyat : Suwandi
- Kepala Urusan Perencanaan : Tri Wurianto
- Kepala Urusan Umum : Iswal Budi
- Dhukuh Kamal : Suratman

Dhukuh Wunung : Sutirah

Dhukuh Teguhan : Sumardi

Dhukuh Soka I : Yatimin

Dhukuh Soka II : Wardiyo

- Staf Desa :
1. Warso mursalim
2. Sumardi
3. Sudarto
4. Wiwin Sugiyanti

8. Kusnardiyyah (Plt. Kepala Desa 2013-2014)

Ibu Kusnardiyyah minangka Pelaksana Tugas Kepala Desa Wunung nalika Bapak Sutardi kendel saking Kepala Desa ngatos dumugi Juli 2014. Sasampunipun saking Pamarintah Desa kaliyan BPD nuding Penjabat Kepala Desa inggih punika Bapak Sumaryadi, Ibu Kusnardiyyah paripurna dados Pelaksana Tugas Kepala Desa.

Warsa 2014 ing jamanipun Pelaksana Tugas Kepala Desa Kusnardiyyah wonten pengisian Kepala Bagian Pemerintahan minangka nggantos Bapak Ranu, pengisian Kepala Urusan Keuangan minangka nggantos Bapak

Sugiman. Pengisian Kepala Bagian Pemerintahan kanthi ujian punika sawungipun wonten enim, inggih punika : Agung Kurniawan saking Padhukuhan Wunung, Sigit Nurdyianto saking Padhukuhan Soka II , Aditya Bekti Nugroho saking Padhukuhan Soka II, Sumedi Joko Susilo saking Padhukuhan Teguhan, Edhi Yulianto Nugroho saking Padhukuhan Teguhan, Pujiyanto saking Padhukuhan Kamal. Ingkang lulus ing pandadaran Kepala Bagian Pemerintahan Agung Kurniawan saking Padhukuhan Wunung.

Pengisian Kepala Urusan Keuangan sawungipun wonten sekawan, inggih punika : Tri Subekti saking Padhukuhan Teguhan, Rini Wijayanti saking Padhukuhan Teguhan, Eka Supriyanti saking Padhukuhan Teguhan, Astha Tri Dasa Atmaja saking Padhukuhan Teguhan, lan ingkang lulus ing pandadaran Kepala Urusan Keuangan Tri Subekti saking Padhukuhan Teguhan.

9. Sumaryadi (Penjabat Kepala Desa 2014-2015)

Bapak Sumaryadi minangka Penjabat Kepala Desa nalika Agustus 2014 dumugi Agustus 2015.

10. Kusnardiyyah (Penjabat Kepala Desa 2015)

Ibu Kusnardiyyah minangka Penjabat Kepala Desa wiwit September 2015 dumugi November 2015. Salajengipun wonten wulan Desember dipun wonteni pilihan Kepala Desa Wunung.

11. Sugiman (2015-2021)

Salajengipun Kepala Desa Wunung kaping pitu ing warsa 2015 dumugi warsa 2021, dipun asta panjenengane Bapak Sugiman. Saderengipun ngasta Kepala Desa, Bapak Sugiman ngasta Kepala Urusan Keuangan wiwit warsa 1984 dumugi warsa 2014.

Nalika Bapak Sugiman nyawung Kepala Desa Wunung, sawungipun wonten 3, inggih punika Bapak Sugiman saking Padhukuhan Kamal, Bapak Rugito saking Padhukuhan Wunung lan Bapak Sutan Awaludin saking Padhukuhan Teguhan.

Warsa 2016 wonten pengisian Dhukuh Teguhan kagem nggantos Bapak Sumardi ingkang sampun purna. Ugi pengisian Dhukuh Soka I kagem nggantos Bapak Yatimin ingkang seda saderengipun purna anggenipun ngasta Dhukuh.

Pengisian Dhukuh Teguhan sawungipun wonten tiga, inggih punika Astha Tri Dasa Atmaja, Wahyudiyono, Edhi Yulianto Nugroho. Wahyudiyono nalika semanten dumugi wanci pandadaran imboten saget nderek, mila kaliyan Panitia Pengisian dipun anggep gugur, lan ingkang lulus dados Dhukuh Teguhan Astha Tri Dasa Atmaja.

Pengisian Dhukuh Soka I sawungipun wonten tiga, inggih punika Yunianto, Kasdi, lan Sarno. Ingkang lulus ing pandadaran Dhukuh Soka I Kasdi.

Warsa 2017 dipun adani pengisian Sekretaris Desa kangege nggantos Ibu Kusnardiyyah ingkang sampun dipun angkat dados PNS. Pengisian Sekretaris Desa punika ngagem pranatan enggal saking Pamarintah Pusat. Ingkang nyebataken bilih sawung perangkat desa saget mijil saking sanes desa utawi sanes kabupaten, ingkang baken tasih kalebet warga Indonesia. Sawungipun wonten 7, inggih punika : Tugiyanti saking Desa Wareng, Aqit Apriyanto saking Padhukuhan Teguhan, Mutmainah saking Desa Mulo, Fransiska saking Desa Karangrejek, Agung Rahmanto saking Padhukuhan Teguhan, Mar'atus' Sholiah saking Padhukuhan Kamal, lan Nurkolis Manto saking

Padhukuhan Wunung. Wondene ingkang lulus ing pandadaran Sekretaris Desa inggih punika Mar'atus' Sholiah saking Padhukuhan Kamal.

Babagan ingkang pinunjul ing jamanipun Kepala Desa Sugiman antawisipun damel margi aspal, damel margi dhateng pasabinan, damel margi dhateng pategalan, sanesipun ugi babagan usulan perubahan status margi Mulo-Kamal-Nasri dados Margi Kabupaten dipun kabulaken dening Pamarintah Kabupaten Gunungkidul.

Perangkat Desa ing jamanipun Kepala Desa Sugiman inggih punika:

Sekdes	: Mar'atus'sholiah
Kepala Urusan perencanaan	: Tri wurianto
Kepala Urusan Keuangan	: Tri Subekti
Kepala Urusan Umum	: Iswal Budi
Kasi Pelayanan	: Suwandi
Kasi Kesejahteraan	: Sumaryadi
Dhukuh Kamal	: Suratman
Dhukuh Wunung	: Sutirah

: Astha Tri Dasa Atmaja

Dhukuh Teguhan

Dhukuh Soka I : Kasdi

Dhukuh Soka II : Wardiyō

Staf Desa

1. Warso Mursalim

2. Wiwin Sugiyanti

3. Sudarto

4. Sumardi